



Fè yon Chèdèv

Penti ki Reziste

Kisa ke ou bezwen:

- Kreyon, espesyalman blan
- Penti dlo ki koulè
- Bwòs penti
- Yon ti bòl dlo pou rense bwòs lan lè ou sèvi ak diferan koulè
- Papye blan, epè
- Nap, papye jounal, ansyen dra, ets.



Kisa pou fè:

1. Fè espas nan yon sifas ki plat, tankou yon tab ki nan yon sal a manje. Kouvri ak yon nap, papye jounal, oubyen bagay ke ou pa gen pwoblèm pou li kouvri ak penti. L'ap ede pou tep kouvèti an sou tab la pou li pa bouje.
2. Desine sou papye an ak kreyon. Ou kapab trase desen, yon foto, majigriji, ekri non'w—kelkeswa sa ou vle! Jis fè an sòt ke ou kite espas vid sou papye an.
3. Kounye a, fè yon ti lave koulè dlo an sou desen'w lan. Kisa ke ou konstate sou ki kote ke kreyon an ak koulè dlo an rankontre?
4. Admire travay ou! Koulè dlo yo kapab koule vit, donk fè an sòt pou kite travay ou plat ou li kapab sèch.

Bagay pou Eseye:

- Pwosesis pou fè penti ki reziste kòmanse pa ajoute yon kouch medyòm—nan ka sa kreyon, oubyen spesifikman waks de kreyon yo—sou papye'w lan. Kreyon ap reziste, oubyen rejte, koulè dlo yo. Ou kapab eksperimente ak premye kouch lan. Ide pou lòt materyèl pou eseye se: Cray-pas (Lwil pastèl) oubyen makè chinwa, tep (retire li yon fwa ke penti an sèch), oubyen lakòl blan.
- Pataje foto mistè oubyen mesaj sekrè! Lè ou sèci ak yon kreyon blan oubyen yon papye blan, desen'w lan ap difisil pou yo wè'l an premye, men lè ou lave koulè dlo an, l'ap revele imaj kache an.
- Teknik pou penti ki reziste an abityèlman enkli yon premye ak yon dezyèm etap. Si w'ap tante pou tranpe koulè dlo'w yo twò bonè, li oke pou kòmanse pa jis pote kreyon yo (oubyen tep, oubyen lakòl) sou tab lan anvan. Epi, lè ou pare, ou kapab pote koulè dlo'w yo. Sonje, kelkeswa pwosesis ke ou chwazi pou eksploré penti ki reziste oke! Atizana se jwenn yon metòd ke ou renmen, men se ou ki chwazi pou mikse materyèl ou yo.

Jwenn plis aktivite pou lakay ou nan <http://discoveryacton.org/discovery-home>.

978-264-4200 • 177 Main Street (Route 27) • Acton, MA 01720 • discoveryacton.org